

# 30 septanm

**Pawòl Bondye a vivan, li aktif. E, li pi file pase tout epe debò :... li sonde santiman ak lide ki nan kè.** Ebre 4. 12

## **Nan entèna a**

Kisa Nouvo Testaman sa ap fè la tou pre kabann entèn sa ? Siveyan an pran l epi pa chans li louvri l. Li tonbe sou pasaj nan levanjil Matye a (11. 25) ke li kòmanse li byen fò ak yon ton pou pase moun nan betiz : “Nan epòk sa a, Jezi pran lapawòl, li di : M ap ba ou glwa, Papa, ou menm ki Senyè nan syèl la ak sou tè a, paske, ou kache bagay sa yo pou save yo ak entelijans yo, epi, ou revele yo bay timoun”.

Li rete, ak sezisman nan vizaj li, epi li depoze liv la. Li menm ki te vle pase etidyan nan betiz poutèt li kwè twò fasil, men bouch li rete tou fèmen.

Bondye li nan kè chak moun e li wè tout panse li yo, menm panse ki pi sekre yo. Li konnen kòman pou li mete devan lespri nou yon pasaj nan pawòl li ki tonbe daplon ak eta esprityèl ak sitiyasyon pèsonèl nou. Swa li envite nou pou nou vire bò kote l pou nou ka sove, swa l ap aprann nou nan chemen lavi a, lè nou deja konvèti.

Nenpòt moun nou ye, Bondye pale ak nou plizyè fason. E, nou dwe konnen, lè n ap li Bib la, se li menm menm k ap pale ak nou.

Se pou nou atantif lè nou tandè vwa li epi piga nou bliye pisans pawòl li. Paske, “li p ap tounen vin jwenn mwen san l pa fè sa m te vle l fè a, san li pa fè tou sa mwen te voye l fè a” (Ezayi 55. 11).

# 30 septembre

**La parole de Dieu est vivante et opérante, plus pénétrante qu'aucune épée à deux tranchants :... elle discerne les pensées et les intentions du cœur.**

Hébreux 4. 12

## **À l'internat**

Que fait ce Nouveau Testament posé près du lit de cet élève interne ? Le surveillant s'en saisit et l'ouvre au hasard. Il tombe sur ce texte de l'évangile selon Matthieu (11. 25) qu'il se met à lire à haute voix d'un ton ironique : "En ce temps-là, Jésus prit la parole et dit : Je te loue, ô Père, Seigneur du ciel et de la terre, parce que tu as caché ces choses aux sages et aux intelligents, et que tu les as révélées aux petits enfants".

Il s'arrête, le visage figé, et pose le livre. Lui qui voulait se moquer de la crédulité de l'étudiant, il a la bouche fermée.

Dieu lit dans le cœur de chaque être humain et discerne toutes ses pensées, même les plus secrètes. Il sait donc placer devant notre esprit un texte de sa Parole approprié à notre état spirituel et à notre situation personnelle. Soit il nous invite à nous tourner vers lui pour être sauvés, soit il nous enseigne dans le chemin de la vie, lorsque nous sommes déjà croyants.

Qui que nous soyons, Dieu nous parle de diverses manières. Et disons-nous bien que, lorsque nous lisons la Bible, c'est lui qui nous parle directement.

Soyons attentifs à sa voix et n'oublions pas la puissance de sa Parole. Car "elle ne reviendra pas à moi sans effet, mais fera ce qui est mon plaisir et accomplira ce pour quoi je l'ai envoyée", dit-il (Ésaïe 55. 11).